Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№9 (7513)
7 март
итни
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## 8 Мартгун - руччаби!

Хириял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чIоралгун, чIагольулеб, цIилъулеб тIабигIатгун, щибаб соналъго бачIунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чIужугIаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хIайранал кучIдул ахIарал, нилъер хIеренал, кидаго нилъ рекIел хинлъиялъги, тIалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хIажаталъур хьолбохъ ратулел ясал ва яцал.



Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухIияб рацIалъиги хинлъиги цIунулел, хIалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикIабщинаб. Мекъи ккеларо чIужугIадан гьечIони ракьалда гIумру букIинарин абуниги. ЧIужугIадан гьечIеб рукъ – гьеб буго цIа свараб гъасито. ЧIужугIаданалъул кверазги гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кIудияб ва жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIияб гIумро цебетIезабиялда. Доб Совет хIукуматалъул заманалда гIадин жакъаги дагьаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутIабаздаги. ЧIужугIадан кидаго мустахIикъай йиго рецщалъеги адаб-хIурматалъеги.

Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гIумро, талихIгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахIаталда ва гьарзалъиялда рукIине. Иманги, талихIги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Спорталъулал тадбиразул суалгун

25 февралалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинеталъуб букIана 2022 соналда тIоритIизесел спортивиял тадбиразул суал гьоркьоблъурабданделъи.Гьенир гIахьаллъана росабазул гIолилал, РДялъул Унсоколо районалъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, бетIерасул зам. М. ХIамзатовги.



Къойил темаялде босун букIана 2022 соналда районалда тIоритIизе ругел спортивиялгун халкъиял ва гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъе календарияв планал. Данделъаразулгун планазул лъай-хъвай гьабуна гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва туризмалъулгун спорталъул отделалъул нач. А. МухIастановас гьединго спорталъул рахъалъ бетIерав специалист М. МухIамадовас.

Щивав данделъиялда гIахьаллъарас гIатIидго гIахьаллъи гьабуна гьениб, щивас бицана жидерго пикрабазул. Гьедин лъаг1алил планал тасдикъ гьаруна, гьаб лъагIалида жаниб гьениб гьаризе рихьизарун руго 20 гIан тадбир. Гьелда гьорлъе уна эркенаб гугариялъул турниралги. Районалъул футболалда хурхун лигаялда букIине буго «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кубокалъе гIоло къецал, районалъул «Шамилиада» чемпионат ва цогидалги спортивиял къецал. Гьел рукIине руго школлъималазда, батIи-батIиял гIелазул гIолилазда ва чIахIиязда гьоркьобги. ГI. НурмухIамадовас бихьизабухъе районалъул нухмалъиялъ кидаго цIикIкIараб кIвар буссинабуна муниципалитеталда спорт цебетIезабиялде.

«Дун кутакалда рази вуго гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва спорталъул отделалъул хIалтIудаса. КIудияб баркала киназего. ГIемераб хIисабалде босарабщинаб гIумроялде бахъинабуна гьез. Нилъер аслияб мурад буго гIолилазда гьоркьоб спортивияб махщел камиллъи, гьел ВатIан бокьия лъул рухIалда куцай»,-ян бихьизабуна кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас. Хадуб киналго гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул лидеразе баркала загьир гьабун кIалъана Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов. Гьединго мустахIикъал гIолилазе гьесул цIаралдалъун кьуна гIемерал ХIурматалъул грамотаби, блокнотал, ручкаби. ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан Баркалаялъул кагъат кьуна М. МухIамадовасе.

Спорт

## МОялъул БетIерасул призалъе гIоло

26-27 февралалда бихьиназул командабазда гьоркьоб «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул призалъе гIоло волейбол хIалезул къецал тIоритIана Майданское росдал «Зирани СОШ» МКУялда. Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, гIолилазул политикаялъул отделалъул начальник Ах1мад МухIастанов, росабазул бутIрул, школазул директорал, волейболистал-ветеранал, хIурматиял гьалбал, волейбол бокьулел.



Къецазда бергьенлъиялъе гIоло хIана I2 бихьиназул команда. Гьел ккола Генуб, Майданское, Балахьуни, ИнкIкIвалитIа, ХьахIабросо, ЦIатIанихъ, росабазул ва Шамильхъала поселокалъул командаби.

Къецал тIоритIиялъе нухмалъи гьабуна оргкомитеталъ. Аслияв судьялъул вукIана Балахьуни росулъа ДЮСШялъул директор А. МухIамадов, хадусев судьялъун цеве вахъана Къ-М. МухIамадов.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 9
Итни
7 март 2022 сон



Гьаб ихдалил къоялъул
Хинлъи-недегьлъи бугей,
МугIрул чабхил иццазул
БацIцIалъи, тIокIлъи бугей.
ЦIулакьодул гъветIалъгIан
Кьалбал гъварид риччалей,

Кьурабаз-мугIруз гIадин
РекIелъ щулалъи кколей.
МагIарул чIужугIадан,
Мунлъун йикIине кIвани,
КIваричIо цойги тIокIлъи
Дие гьаб ракьалда тIад!



## Глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов - о военной операции на Украине



Сегодня наша страна переживает не самые простые времена. Идёт историческое противостояние с Западом. Военная операция на Украине – вынужденная мера, которая призвана защитить наши границы от врага, защитить целостность нашей страны и безопасность граждан.

Все жители нашего района и я лично поддерживаем Верховного Главнокомандующего РФ Владимира Путина в решении начать военную операцию на Украине.

Мы искренне верим, что нашему государству удастся противостоять врагу и защитить целостность нашей страны, а также права жителей Донбасса.

Жители нашего района молятся о том, чтобы наши солдаты вернулись домой живыми и здоровыми. Чтобы вернулись на Родину с Победой. И мы верим, что так и будет.

**Глава Унцукульского района**
**И. Нурмагомедов.**

Нилъер руччаби

# ГьитIичазул гьудул



«ТIасияб рахъалъул специалист, жиндир го ишалъул камилай махщелчIужу, гIемерал гьитIичазул гIумро хвасар гьабурай врач Зубаржат МухIамадовналъе отпускаялъ гIагараб ГьаракIуни росулъе щвезе ячIаниги хIалхьи букIунаро. ТIолабго районалдасаго рачIуна жидерго унтарал лъималги рачун гьелъухъе, лъимал сахго гIеялъе гьезул эбел-инсуе кидаго кумекалъе ятула гьей»,-ян абула росуцояз Зубаржатил хIакъалъулъ.

Зубаржат МухIамадовна гьаюна I942 со налъ. 50 ялдаса цIикIкIун соналъ хIалтIана гьей гьанжего гьанже гьарурал лъималазул врачлъун – педиатрлъун. ГьерекIдерил анкьго сонил школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Буйнакскиялъул медучилищеялде. I970 соналда лъугIана Дагъистаналъул Медицинаялъул институталда сах гьариялъул факультет. ДГМИ лъугIун хадуб ординатураялда цIалана карандаса тIечIел лъималазул врачлъун яхъине. Гьелдаса нахъе хIалтIана республикаялъул лъималазул клиническияб больницаялда отделениялъул завлъун.

I987-I99I соназ Зубаржат МухIамадовна хIалтIана республикаялъул инфекционнияб больницаялда, тIуразарулаан РДялъул Минздравалъул аслияв специалистасул тIадал ишал, хIалтIана республикаялъул лъималазул Рукъалъул бетIерав врачасул замлъунги. I997 соналда хIалтIана гьанжего гьанже гьарурал лъималазул патологиялъул отделалъул завлъун, 2003 соналда гьебго отделалъул врач-ардиналорлъун. Гьединго I99I соналда хIалтIана ГьаракIуни больницаялъул бетIерай врачлъун. 2009-20I8 саназдайин абуни хIалтIана МСЭялъул 4 составалъул бюроялъул медико-социалияб экспертизалда нухмалъулейлъун. ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго У. Катиновасовалъул цIаралда бугеб медицинаялъул централъул педиатрлъун. Гьединго Зубаржат йиго Унсоколо районалъул хIурматияй гражданин.

Кидаго тIадаб хIалтIудехун Зубаржат ялагьула кIудияб жавабчилъигун. Жиндирго махщалил балъголъаби барахщичIого кьола цадахъ хIалтIулезе, йиго гIолел врачазул насихIатчIужулъун.

Намус бацIцIадаб хIалтIуе гIоло чанго нухалъ мустахIикълъана гьей РДялъул Сахлъи цIуниялъул Министерствалъул ХIурматалъул грамотабазе, щвана «СССРалъул Сахлъи цIуниялъул отличник» абураб гIаламат, «Дагъистаналъул мустахIикъай врач»,- абураб цIар ва гь. ц.

Зубаржат йиго гIадатияб гуреб бажария лъул, пикру цебетIурай, гIорхьи гьечIого хIалтIи бокьулей, щивасул гIумроялъулъ лъикIаб рахъалъ лъалкI тезе хIадурай гIадан. ЛъикIал качествабазул кумекалдалъун бигьаго гIадамазул ракIазулъе нухги бахъула гьелъ.

КIиго лъимал руго Зубаржатил, васги ясги. Руго лъабго лъималазул лъимал. Гьезулги МахIачхъалаялда лъугIана Дагъистаналъул пачалихъияб Медицинаялъул академия.

ГIатIидго, гIемерал лъугьа-бахъиналгун бицине бегьилаан З. МухIамадовалъул рахъалъ. Гьел руго гьелъул лъикIлъабигIан гIемерал. КIудияб адабгун гIодоре къулун баркала кьезин гьелъие жакъа киналъухъго!

**Р. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## А. Абдулмуслимов - председатель Правительства Дагестана



Как стало известно, сегодня депутаты Народного Собрания РД поддержали кандидатуру Абдулмуслима Мухидиновича Абдулмуслимова на должность Председателя Правительства Дагестана.

Указ о назначении нового премьер-министра республики уже подписан. Абдулмуслим Мухидинович настоящий профессионал и патриот, волевой, целеустремлённый и, вместе с тем, очень открытый человек.

Желаю Абдулмуслиму Мухидиновичу сопутствия удачи и успехов на вашем нелёгком пути!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»,**
**Иса Нурмагомедов!**

## Абдулпатах Амирханов награжден орденом «За заслуги перед республикой Дагестан»



Указом глав РД Сергея Меликова наградили орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан» экс-председателя правительства РД Абдулпатаха Амирханова.

Эта высокая государственная награда - очередное признание достижений и вклада Абдулпатаха Амирханова в социально-экономическое развитие республики и страны.

Примите искренние пожелания крепкого здоровья и благополучия, дальнейших успехов в вашей деятельности на благо народа нашей республики.

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Нурмагомедов.**

Нилъер умумал

# Дагъистаналъул тIоцевесев академик - нилъер ракьцояв

Дагъистан кидаго машгьураб букIана гъваридаб гIелму-лъай бугел гIалимзабаздалъун. Гьезул цIаразда гъорлъ цо хасаб бакI ккола Дагъистаналъул тIоцевесев академик ГIамирханов ХIабибулла Ибрагьимовичас. Гьев кколаан Азербайджаналъул ва Дагъистаналъул цIар рагIарав кIудияв гIалимчи ва гIуцIарухъан, физикаялъул ва математикаялъул гIелмабазул доктор, профессор, Советияб пачалихъалъул гIелмияб Академиялъул Дагъистаналда вахъарав тIоцевесев академик.

ГIамирханов ХIабибулла Ибрагьимович гьавуна I907 -абилеб соналъул I5 апрелалъ Гъуниб округалъул Къорода росулъ. Гьесул эмен-ГIамирханов Ибрагьим Рабаданович кколаан жакъасеб Левашинский районалъул ЦIадахIариб росулъа чи, эбел-Баху-бика кколаан Унсоколо росулъа гIадан. ГIамирханов Ибрагьим гьитIинго цIалана гIурус бай бихьул школалда, хадув гьев цIалана пачаясул Россиялъул рагъулаб училищеялда ва гьелдаса хадуб гьес 40 соналъ хъулухъ гьабуна Кавказалда букIараб Россиялъул рагъулал аскаразда батIи-батIиял хъулухъазда, ахиралда гьесул букIана подполковникасул чинги. Къоабилеб г1асруялъул байбихьуда ГIамирханов Ибрагьимица хъулухъ гьабулеб букIана Дагъистан губерниялъул Гъуниб рагъулаб округалъул Къорода участокалда, хадув ТIелекьа участокалъул начальниклъун х1алт1ана . Гьеб хъулухъазда гьев хIалтIана I9I7 соналде щвезегIан. Академик ГIамирханов ХIабибуллагьил эбел кколаан Унсоколо росулъа Мусал яс Баху-бика.

ЦIадахIариб росулъа пачаясул армиялъул подполковник ГIамирханов Ибрагьимги ва Унсоколо росулъа гIадатияб гуреб цIаралъул магIарулай Баху-бикаги рос-лъадилъун рахъиналъул буго гIажаибаб тарих. АнцIила ичIабилеб гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда магIарулазул гIумро букIана дагьабго гIодобе биччараб, лъугIана Кавказалъул рагъ, I877-абилеб соналъул дагъистаниязул пачаясде данде буссараб багъа-бачариги хехгого пачаясул аскараз гIодобе буссинабуна. Россиялъул империялъул цо бутIалъун лъугьана Дагъистаналъул губернияги.

Дагъистаналъул тахшагьарлъун гьеб заманалъ букIана Темир-Хан-Шура шагьар. Гьениб букIана пачаясул армиялъул кIудияб рагъулаб гарнизонги. Темир-Хан-Шура шагьаралде бачуна маххул нух, гьенир хIалтIулел рукIана батIи-батIиял заводалги, фабрикабиги. Рагьана гьенир кинотеатралги, школабиги, больницабиги, базаралги ва тукабиги.Гьенире гIумро гьабизе гочун рачIуна батIи-батIиял миллаталъул гIадамал-армяналги, жугьутIалги, гIурусалги ва цоги-цоги миллатазулги бечедал гIадамалги. ГIага-шагарго анцIила ичIабилеб гIасруялъул 80-абилеб соназда Темир-Хан-Шура шагьаралда гIумро гьабулеб букIана рагъулаб хъулухъалда вугев бечедав князь - Нестор абулев чияс ва гьесул хъизаналъ. Гьезул жидерго лъимал рукIун гьечIо.

Унсоколо росулъе хъулухъалъул ишаз щварав князь Несторица ва гьесул хъизамалъ жидеего цIакъ сипат-сурат рекIее гIун, жидерго яслъун хьихьизе ячун йиго 5-6 сон барай гIадан, Унсоколо росулъа Мусал яс Баху-бика. ХIакъаб жо, гьеб къотIи-къай гьабуна эбел-эменги разилъун ва хасго жийго Баху-бикаги разилъун. Ракъи-къварилъиги гIемераб, унти-щокълъиги камулареб гьеб заманаялъ эбел-инсул хьул букIана бечедав, пачаясул хъулухъалда вугев князь Несторил хъизамалда жидер ясалъе лъикIаб тарбия-лъайги щвелин ва гьей талихIайлъун



йикIинин абун. Гьел мекъи ккечIо. ХIакъикъаталда Баху-бика цIалана гIурус байбихьул школалда, гьелъие щвана лъикIаб тарбия-лъайги. Гьелъул букIана пианиноялда батIи-батIиял макънал рачине музыкалияб гьунаргицин. ГIага-шагарго I900-абилеб соназ I5 сон барай гIадан Баху-бика жийго хьихьизе ячарал эбел-инсуца росасе кьун йиго инсуда цадахъ рагъулаб хъулухъалда вукIарав, ЦIадахIариб росулъа пачаясул армиялъул подполковник ГIамирханов Ибрагьимие. Гьев вукIун вуго тIоцее ячарай чIужуги хун къороллъуда вукIарав чи. Гьезда гьоркьоб букIун буго гIага-шагарго 20-25 сонгIаги. Гьел данделъун гьезие гьарун руго 6 лъимер. Васал-Жамал, ХIабибулла, Шариф ва ясал-Умукусум, Фатима ва Зайнаб. Гьезул 3-абилеб лъимерлъун вукIана цIар рагIарав академик ХIабибулла ГIамирхановги.

Байбихьудаго хъван толев Академик ХIабибулла ГIамирхановасул цунагIал кколаан ЦIадахIариб росулъа цIар рагIарав революциялъул бахIарчи Хъара Хъараев. КIудияб ВатIанияб рагъдаги Хъара Хъараевасул рекIаразул эскадроналъ бахIарчияб нух тана Моздокалдаса Берлиналде щвезегIан. Академик ХIабибулла ГIамирханов вахараб гIелмияб борхалъиялде цониги дагъистанияв вахинчIин абизе бегьула…

Къоабилеб гIасруялъул байбихьи букIана гIемерал кIвар цIикIарал политикиял лъугьа-бахъиназул заман. ХIабибулла гьоркьове лъугьинчIо революциялъул ишаздеги, щай гурелъул гьесул эмен вукIана пачаясул армиялъул подполковник, гьев хвана битIахъе I9I7 соназул революциялъул хисабасиялъул заманаялъ. Гьесдаго хадуб I9I8 соналъ большевиказ чIвана гьесул кIудияв вац Жамалги пачаясул армиялъул офицер вугин абун. Гьединаб биха-хочиги, ахIи-хIурги гIемераб заманаялъ ХIабибуллагьица тIаса бищана гIелму лъазабиялъул нух. I9I5-1925-абилел соназ цIалун ХIабибуллагьица Темир-Хан Шура шагьаралда лъугIизабуна гIурус байбихьул школа ва хадуб реалияб училищеги. Гьелдаса хадуб жиндирго кIудияй яц Умукусумил кумекалдалъун ХIабибуллагь гIумро гьабизе уна Баку шагьаралде. Хадур киналго гIисинал вацалги, яцалги Баку шагьаралде гочуна гIумро гьабизеги, цIализеги. Эмен хун хадуб киналго вацал-яцазул тIалаб гьабун буго кIудияй яц Умукусумица. Гьелъул лъикIаб бухьен ва гьудуллъи букIун буго МахIач Дахадаевасул чIужу, Шамиль имамасул вас МухIамад ШапигIил яс Написатилгун. Гьей Умукусум хадусел саназ хIалтIулей йикIун йиго Бакуял да Женсоветалда гIемерал саназ.

I925-I930-абилел соназ ХIабибуллагь цIалана Баку шагьаралда Азербайджаналъул университеталъул физикаялъул ва математикаялъул факультеталда. Гьелдаса хадув гьев тIамуна Советияб пачалихъалъул Азербайджаналъул секторалъул гIелмияв хIалтIухъанлъун.

I937-абилеб соналъ гьесие щвана физикаялъул гIелмуялъул кандидат абураб цIар. Гьелдаса хадуб, I942-абилеб соналъ, ХIабибуллагь мустахIикълъана физикаялъул гIелмуялъул доктор ва профессор абурал цIаразе. ХIабибулла ГIамирхановасул кIудияб гIелму-лъайги бихьун ва гьесул гIуцIарухъанлъиялъул гьунарги бихьун, I950-абилеб соналъ гьев тIамуна Советияб пачалихъалъул гIелмияб академиялъул Дагъистаналъул филиалалъул председательлъун. Гьеб хъулухъалда гьев хIалтIана I984-абилеб соналде щвезегIан. ХIакъикъаталдаги Дагъистаналъул гIелмияб филиал гIуцIарав чи ккола ХIабибулла ГIамирханов. Гьединго гьес гIуцIана филиалалда цебе физикаялъул институтги.

ХIабибулла ГIамирхановас Азербайджаналда гIумро гьабуна I925 абилеб соналдаса байбихьун I950-абилеб соналде щвезегIан. Гьел сонал гьес рикIкIунаан бищун жиндир гIумроялъул талихIал соналлъун, щайгуре лъул Азербайджаналда хIалтIулаго ХIабибул ла вахъана Азербайджаналъул тIоцевесев физикаялъул академиклъун ва гьев ккола тIоцебе академикасул цIар щварав дагъистаниявлъунги. ХIабибулла ГIамирхановасул гIелмияб нухалъул бицине, хъвайхъвагIай гьабизе ва гьеб бичIчIизе гIадатияв чиясе цIакъ захIматаб иш буго, щайгурелъул гьев вукIана физикаялъул гIелмуялъул гъваридаб лъай жиндир бугев гIалимчи.

Хасго КIудияб ВатIанияб рагъул соназ ХIабибулла ГIамирхановасул гIелмиял хIалтIабазул ва цIех-рехазул кIудияб кIвар букIана фронталъе кумек гьабиялъе, советияб пачалихъалъул рагъулаб гуч щула гьабиялъе ва фашистияб Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе. Азербайджаналда вукIадго ХIабибулла ГIамирхановас кIудияб бутIа лъуна нартил магIданал ралагьиялъе ва гьелдаса пайда босиялъе, тIабигIаталда ругел магIишаталъе кIвар цIикIкIарал магIданаздасан пайда босиялъе гIелмиял хIалтIаби гьаризе. ЦIадахIарие жиндирго гIагарлъиялъухъе щварав чиясда ХIабибулагьида херал чагIаз цIехон буго щиб дуда бажарараб гIелмуялда жаниб цIияб жо гьабун,- абун. Гьес жаваб кьун буго жинда бажаранин гьава лъеде сверизабун,- абун. Академик ХIабибулла ГIамирхановасул гIелмияб нухалъул тарих хъвазе гIемераб заманги, гьунарги къваригIуна. Гьев вукIана тIадегIанав Аллагьас жиндие кIудияб бажариги, гьунарги, лъайги кьурав кIудияв гIалимчи. ГIелмияб хIалтIуда цадахъ ХIабибулла ГIамирхановас гIахьаллъи гьабулеб букIана партиялъул ва пачалихъалъул хIалтIудаги. I94I-абилеб соналъ ХIабибула восана Советияб Союзалъул коммунист партиялъул кьеразулъе.

**ХIажи ИБРАГЬИМОВ,**
**краевед**

**(Хадусеб бук1ине буго)**

# МОялъул БетIерасул призалъе гIоло



Гьаб нухалда хIаракатаб къеркьеялъулъ тIоцебесеб бакIги ккун, бергьараблъун рикIкIана ЦIатIанихъ росдал команда, 2 бакI ккуна «Имамат» абун цIар тараб ветераназул командаялъ. 3 бакI щвана Майданское росдал командаялъе. Чемпионата лъул призеразе ва бергьаразе кьуна ХIурматалъул грамотаби, къиматал сайгъатал, медалал. Гьединго шапакъатал кьуна индивидуалиял номинацияздаги. ХIаязда лъикIаб рахъалъ ратIа гьаруна Балахьуниса С. МухIамадгIалиев, ЦIатIанихъа лъикIго хIарав Ш. МухIамадхIажиев, ГI. МухIамадовги. ЛъикIав защитниклъун рикIкIана ЦIатIанихъа Ш. ГIабдурахIманов, лъикIав бухьен кколевлъун - Ш. МухIамадов.

Ахиралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас лъикIал хIаязухъ баркала загьир гьабуна гIахьаллъаразе ва спорталъе нухмалъи гьабулев М. МухIамадовасе, киналго квербакъаралщиназе.

Къецал ана гьайбатаб гьудул-гьалмагълъиялъулаб ахIвал-хIалалда, киналго спортсменазул жиграб гIахьаллъигун. Лъалеб букIахъе гьединал къецал районалда тIоритIула щибаб соналда.

# Терроралде данде – цIали



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул аппараталъул хIаракаталдалъун «Унсоколо № I гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалда т1обит1ана терроризмалде данде чIеялъул цIали (тренировка). Гьеб гьабуна РФялъул Президентасул 20I2 соналъул I4 июналда бахъараб № 85I бугеб «Терроризмалде данде чIеялъе тIадеги гьаризесел тадбиразул» Указалда рекъон.

Тадбир тIобитIана лъай кьеялъул хIалтIул персонал, лъимал ва росдал гIадамал терроризмалъул хIинкъи бугони ц1униялъе инструкциялда рекъон гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ г1адамазда бичIчIиялъе. Гьенир гIахьаллъана ихтияр цIунулел органазул, къуваталъул структурабазул, районалъул ва росдал администрациязул, медицинаялъул хIалтIухъаби ва МЧСалъул вакилзаби.

# Лъелъ гъанкъарал бакIазул суалгун



2 марталда районалъул администрациялда данделъун букIана Рихьуни ГЭС балаго лъелъ гъанкъарал бакIазул хIалтIи гьабиялъул комиссия. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

ДандчIваялда хабар ккана ГЭС балаго зарал ккун, гьелъухъ компенсация щвеялъул, гьеб щвеялъе документал хIадуриялда хурхунги. Бицана гьеб иш гIумроялде бахъинабулаго дандчIварал захIмалъабазул, суал тIубаялъе гьаризесел тадбиразул.

ГIумроялъул дарсал

## Оптимистлъун йикIа!

**Кин щиб кканиги чIужугIадан йикIине ккола оптимистлъун. КIочене бегьуларо кколе-толелъул рахъалъ аслиял ригIаби, амма яги кин бугониги.**

Масала, колбасаялда гъорлъ гьан гьечIо, амма кинаб букIаниги очередь гьечIого босизе щола. ГIарац гьечIо, кване гурони гIолеб гьечIо, данде бакIарилароха, щиб лъалеб кинаб букIаниги пирамидалде гъорлъе ккезе бегьула, банк бухIизе бегьула. ЦIадал ран санагIат бахъизабулеб буго, амма пастIан жибго лъалъалеб буго. ЦIакъ унтулеб букIана гIус, гьеб коронкагун цадахъ бортун бачIана, кигIан лъикI, щибниги гIарац хвечIо.

Хъизаналъулаб гIумроялъул рахъалъ щиб абилеб. Гьеб буго батIаго ахIизе ккoлеб кечI. Рос гьечIо, гьелъ бетIер унтизабизе чи гьечIо, дунго диего хозяйка йиго.

Ана росасе, тIад балагьун гьев кутакав чи вуго, амма щибниги пайда гьечIо, амма дунго бетIергьанав вуго, рокъове кватIунгIаги вачIунев вугелъул.

# Дагьабго гьими

ГIолохъанай гIаданалъ жиндирго машина чIезабула сфетофоралъул багIараб канлъиялда цебе. Хадуб бачIуна тIогьилаб – гьей гIодой чIовухъе йиго, гIурччинаб – гьай шуруларо. ЦIидасан бакула багIараб кьер, нахъасан гьаркьал гьарулел руго хадур чIарал машинабаз…

Бигьа гьавун аскIове вачIуна полициялъулав ва гIодове виччан гьелда гьикъула:

- Мадам, дуе кинаб бугониги батIияб кьерищ бакизе бокьун бугеб?,-абун.

* * *

Подъездалда аскIор гIодор чIарал кIиго ригь арал руччабазул гар-гар:

-Дун хIинкъун йиго гробалда йикIаго йигьине гурилан. Гьединлъидал васияталда бихьизабуна «хобалъуй лъелалда цее юхIе»,-ян

Цойгидалъ гьикъула:

-Печалъуй йигьине гурилан хIинкъуларищ мун?,-абун.

* * *

КIиго чиновник гIодов чIун руго паркалда, цояв щим бахъун лъугьуна:

-Заман щун бугоан взяткаби цIакъго гIодобегIанаб къадаралъ кьолезда тIад уголовниял делаби гьаризе.

-Салим, дуе абизе бокьун батила цIакъго цIикIкIараб къадаралда гьеб кьолезда,- абун.

-Гуро, гIицIго цIакъго гIодобегIанаб, хIалалъ кьолезда. Дуца хIисаб гьабе, цо кIодоца хIалбихьана I000 гъурущалдалъун жиндирго мурад тIубазе

* * *

Инсуца васасе гIакълу кьолеб буго:

-Киданиги лъадилъун ячунге берцинай яс, гьей дуда тIадги чIухIун, нахъе ине бегьула.

-Сурарайги ине бегьулелъул нахъе.

-Гьей нахъе ани тун хIацIугин тезе бегьула,-ян жаваб кьола инсуца.

* * *

Лабораториялда хIалтIулей медикалъ цогидалда гьикъула:

-Кин дур приборалъ вирус нусго проценталъ битIун бихьизабулеб?

-ЦIакъ бигьаго. Приборалъ жинцаго биччала вирус, хадуб лахIзаталда батизеги батула.

-Вах1, гьеб бит1ун гьеч1оха.

-У, битIун гьечIо, амма кутакалда хайираб буго.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул ва МБУялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ЗахIматалъул ветеран

**Камалудинов Эхо**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул лъималазда, тIолабго гIагарлъиялда, ЦIатIанихъ росдал жамагIаталдаго. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги!

**ЛЪАЗАБИ**

ГIабидов Халид ГIабидовичасул 2007 соналъул 16 июналда Рихьуни гьоркьохъеб школалъ кьураб № 05 АА 0027345 бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 6. 2022 г. 16.10 фактически -17. 40 мин.

.............................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 988 экз.